# БАСЛАЎЫШ КЛАССЛАРДАҒЫ ИНГЛИЗ ТИЛИ САБАҚЛАРЫНДА ХАБАР КОММУНИКАЦИЯ ТЕХНОЛОГИЯЛАРЫНАН ПАЙДАЛАНЫЎ ЖОЛЛАРЫ

**К.Кунназарова**
*Қары Ниязий атындағы*
*ӨПИИИ Қарақалпақстан филиалы излениўшиси*

***Аннотация:*** Бул мақалада Баслаўыш классларда оқыў процессинде инглиз тили сабақларында хабар коммуникация технологияларынан пайдаланып сабақ өтиудиң жоллары хаққында сөз етиледи. Баслаўыш класс муғаллимлери, болажақ баслаўыш класс бакалавр питкериушилери, магистрлар өзлерине керек мағлыўмат алыуы мүмкин.
***Таяниш сөзлер:*** технология, коммуникация, усыл, форма, шет тили.

***Аннотация:*** В этой статье рассматриваются пути и способы преподавания английского языка. Статья исследует информационно коммуникативные технологии в процессе обучения учеников начальных классов. Учителя начальных классов, выпускники Бакалавриата и магистранты могут использовать необходимую информацию для себя.
***Ключевые слова:*** технология, коммуникация, использование, форма, иностранный язык.

***Annotation:*** This article deals with ways and means of teaching the English language. It examines information communicative technologies in the process of teaching learners of primary school. Teachers of primary schools, graduating students of the Baccalaureate, the undergraduates of Magistrates can make good use of indispensable information for themselves.
***Key words:*** technology, communication, use, form, foreign language.

Ҳәзирги дәўир балалары көп ўақтын компьютер ойынларын ойнаўға сарплайды ҳәм сол себепли олар АКТ қуралларынан пайдаланған ҳалда мағлыўмат алыўға көбирек бейим болады. Буннан тысқары, компьютер технологиялары оқытыўшының сабақ ушын материал излеў ҳәм таярлаў жумысын сезилерли дәрежеде аңсатластырады.

**Шет тили сабақлары** барлық түрдеги компетенцияларды қәлиплестириў ушын қолайлы жағдай, себеби тилден қурал сыпатында пайдаланған ҳалда, биз әтирапымыздағы дүньяны, оның барлық көринислери арқалы үйренемиз.

**Интернет ресурслары** заманагөй оқыўшы ушын тийкарғы мағлыўмат дереги, оқытыўшы ушын болса үлкен фонд есапланади.

- Инглиз тили сабақларында мен АКТ нан пайдаланаман;

- Жаңа грамматикалық материалды түсиндириў, үйренилип атырған тил мәмлекетиниң дыққатқа сазаўар орынлары ҳаққында гүрриң етиў ушын мултимедиалы презентациялар жаратаман;
- Электрон сабақлықлардан пайдаланаман. Электрон сабақлықлардың абзаллықлары қтөмендегилерден ибарат: биринשиден, олардың мобиллиги, екиншиден, компютер тармақлары раўажланыўы менен байланыс барлыгы.
- Инглиз тилинен мәмлекетлик имтиханларына таярланыўда заманагөй электрон тәлим ресурсларынан пайдаланаман.

Компютердиң оқыў куралы сыпатындағы өзине тәнлиги оның комплекслилиги, универсаллығы, интерактивлиги сыяқлы өзгешеликлери менен байланыслы. Мултимедиа дәстүрлери тийкарындағы интерактив тәлим методикалық, дидактикалық, педагогикалық ҳәм психологиялық принциплерди толығырақ әмелге асырыў имканын береди, оқыў процесине қызықлырақ ҳәм дөретиўшеңлик қатнас жасайды. Бирақ соны есте сақлаў керек, компьютер сабақта оқытыўшы орнын баса алмайды. Компьютер менен ислесиў ўақтын дыққат пенен режелестириў ҳәм оннан ҳақыйқатында да керек болғанда пайдаланыў керек. Бүгинги күнде хеш кимди шет тилин ерте жастан үйрениў тек ғана оны көбирек әмелий ийелеў ҳәм еркин сәўбетлесе алыў үлес қосыўы емес, бәлки үлкен интеллектуаллық, әдеп-икрамлылық потенциалға да ийе екенлигине исендирип отырыўға қәжет жоқ. Сәўбетлесиўди үйретиўди 2-класстан баслаған ҳалда, оқыўшыларға тәлим-тәрбия бериў ҳәм раўажландырыў процесслерин заманагөй усылларға сәйкес әмелге асырыў жүдә әҳмийетли болып табылады[1].

Баслаўыш класслардағы инглиз тили сабақларында АКТ (хабар коммуникация технологиялары) нан пайдаланыўдың тийкарғы мақсетлери төмендегилерден ибарат:

- *тил үйрениў мотивациясын асырыў;*

- *сөйлеў компетенциясын раўажландырыў: шет тилиндеги аутентлик текстлерди түсиниў, сондай-ақ, мағлыўматларды байланыслы сыпатланған баянатларда жеткериў қәбилети;*
- *лингвистикалық билимлерди кеңейтиў;*
- *тили үйренилип атырған мәмлекетиниң жәмийетлик-мәдений өзгешеликлери ҳаққындағы билимлер көлемин асырыў;*
- *инглиз тилин еркин үйрениў қәбилети ҳәм таярлығын раўажландырыў.*

Баслаўыш классларда өткерилетуғын сабақларында АКТ нан пайдаланыў көргизбели-түсиндириў оқытыў усылынан хызметке тийкарланған усылға өтиўге имкан береди, бунда бала оқыў хызметиниң актив субъектине айланады. Бул болса оқыўшылардың билимлерди саналы рәўиште өзлестириўине жәрдем береди.

Баслаўыш тәлимде АКТ нан пайдаланыў төмендегилерге имкан береди:

- *оқыўшылардың билиў хызметин активлестириў;*
- *сабақларды жоқары эстетикалық дәрежеде өткериў (музыка, анимация);*
- *коп басқышлы тапсырмалардан пайдаланған ҳалда оқыўшыға индивидуал рәўиште қатнас жасаў.*

**Бул жерде шет тили оқытыўшысының орны қандай?**

- Ол баслаўыш класс окыўшыларын, яғный, еле шет тилинен сәўбет қуралы сыпатында пайдаланыўда психологиялық тосықларды бастан кеширмеген жастағы балаларды, олар ушын жаңа мәкан менен ерте таныстырыўға жәрдем бериўи; балаларда шет тилинде сәўбетлесиўге таярлық ҳәм оны үйрениўди даўам еттириўге унамлы мүнәсибет қәлиплестирилиўи лазым.

- Оқытыўшы киши мектеп жасындағы оқыўшыларында, олардың сөйлеў имканиятлары ҳәм зәрүрликлерин есапқа алған ҳалда сөйлеў,

тыңлаў, оқыў ҳәм жазыўда элементар сәўбет көнликпелерин қәлиплестириўи керек.

- Киши жастағы мектеп оқыўшыларын шет елли теңлеслери дүньясы ҳәм үйренилип атырған шет тилдеги балалар көркем әдебияты үлгилери менен таныстырыў.

- Шаңараққа тийисли, күнделик, оқыў байланысына тән болған ойын жағдайларында ойналатуғын жәмийетлик роллер шеңберин кеңейтиў арқалы балаларды шет тилинен пайдаланған ҳалда жаңа жәмийетлик тәжирийбе менен таныстырыў; киши жастағы оқыўшыларда, олардың қызығыўшылықларына сәйкес түрде, тили үйренилип атырған мәмлекет ҳуқықлары ҳәм үрп-әдетлери ҳаққында түсиниклерин қәлиплестириў.

Баслаўыш класларда пәнди оқытыўдың тәрбиялық ҳәм раўажландырыўшылық тәрепи баслы әҳмийетке ийе болып есапланады.

Шет тили оқыўшыларды басқа мәдений әлеми менен таныстырады, оларда сөйлеў, оқыў ҳәм жазыў процесинде ең әпиўайы коммуникатив ҳәм когнитив ўазыйпаларды өз бетинше шешиў көнликпеси ҳәм қәбилетин қәлиплестириўге бағдарлайды, оларда басламашыллық, жәмәәтте ислесиў ҳәм өз көзқарасын қорғаў қәбилети, темаға турақлы қызығыўшылық сыяқлы жеке өзгешеликлерди қәлиплестиреди.

Баслаўыш класлардағы оқыў процесинде АКТ дан пайдаланыў мүмкиншиликлери:

1. Мултимедиа қураллары жәрдеминде алып барылатуғын сабақ. Мен ушын АКТ менен ислесиўдиң ең нәтийжели формалары Power Point презентациялары ҳәм электрон сабақлықлардан пайдаланыў болып есапланады. Презентациялар ҳәм оқытыўшы, ҳәм оқыўшылар ушын қолайлы. Бул усынылған материалды түсиниў ҳәм ядлаў нәтийжелилигин асырыўға жәрдем береди. Сабақ ушын таярланған презентациялар мазмуны бойынша терең, жарқын, есте қаларлық. Дәстүрий көргизбели материалларға салыстырғанда мултимедиялы презентацияның әҳмийетли

абзаллығы оқыўшыларға көбирек эмоционал тәсир көрсетиўи болып табылады, бул болса, дыққатты жәмлеўге ҳәм нәтийжеде материалды жақсырақ өзлестириўге жәрдем береди. Мултимедиа технологияларынан: Оқытыўшының түсиндириўине қосымша сыпатында пайдаланыў мүмкин.

Өз әмелиятымда мен қысқаша текст, тийкарғы формулалар, схемалар, сызылмалар, анимацияларды өз ишине алған, арнаўлы сабақлар ушын жаратылған мултимедиалы презентация конспектинен пайдаланаман. Жаңа теманы түсиндириў процесинде мултимедиялы презентациялардан пайдаланылғанда, кадрларды теманың ең әҳмийетли жерлерин көрсетиў мүмкин болган тәризде сызықлы избе-изликте көрсетиў жеткиликли. Экранда соның менен бирге, анықламалар, схемалар да пайда болыўы мүмкин, балалар оларды дәптерге жазып қояды, нәтийжеде оқытыўшы тәкирарлаўға ўақыт сарпламастан, көбирек айтып бериўге ериседи [2].

Жуўмақ орнында соны атап өтиў керек, хабар технологияларын тәлим процесине енгизиў дәстүрий оқытыў усылларын улыўма бийкарламайды, бәлки олар менен тәлимниң барлық: таныстырыў, оқытыў, қолланыў, қадағалаў сыяқлы басқышларында үнлес тәризде бирлеседи.

Лекин хабар технологияларынан пайдаланыў тек ғана үйрениў нәтийжелилигин бир неше мәрте асырып қоймастан, бәлки оқыўшыларды инглиз тилин еркин түрде үйрениўге хошаметлеў имканын береди.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Zaxarova N.İ. Vnedrenie informatsionnıx texnologiy v uchebnıy protsess. – Jurnal «Nachalnaya shkola» №1, 2008
2. Азимов Э. Г. Материалы Интернета на уроках англ. языка // «Иностранные языки в школе», - №1